

Chapter Audio Summary for McDougal Littell *Algebra 2*

Chapit 4 Matris ak Detèminan

Pou kòmanse Chapit 4, ou te aprann fè adisyon, soustraksyon, ak miltiplikasyon matris pa yon eskalè ak yon lòt matriz. Answit, ou te itilize operasyon sa yo pou rezoud pwoblèm lavi reyèl. Ou te jwenn detèminan matris 2×2 and 3×3 epi sanswit ou te itilize prensip Cramer a pou fè solisyon sistèm yo. Apre sa ou te jwenn matris envès yo, epi ou te itilize yo pou rezoud pwoblèm lavi reyèl.

Ale nan Chapit Revizyon leson pa leson an ki kòmanse nan p. 240 nan liv la.

Leson 4.1 Operasyon Matris

Mo ki enpòtan pou konnen yo se: *matris, dimansyon yon matris, entre yon matris, matris yon ranje, matris yon kolòn, matris yon kare, matris zewo, matris egal ak eskalè.*

Premye objektif Leson 4.1 se pou fè adisyon ak soustraksyon matris, miltipliye yon matris pa yon eskalè, lèfini fè solisyon ekwasyon matris yo. Ou ka fè adisyon matris yo nan premye Egzanp lan paske matris yo gen menm dimansyon. Fè adisyon antre korespondan yo tankou 5 ak 9 pou jwenn 14, oswa 0 ak -4 pou jwenn -4 . Ou pa ka fè soustraksyon matris yo nan dezyèm egzanp lan paske yo gen dimansyon diferan. Twazyèm egzanp lan montre miltiplikasyon eskalè. Miltipliye chak antre pa eskalè -3 . Katyèm egzanp lan montre kouman pou fè solisyon ekwasyon matris. Ekri ekwasyon antre korespondan yo, pa egzanp $x + 2$ ak -6 epi fè solisyon an pou x , pou jwenn -8 .

Lòd operasyon pou operasyon matris yo sanble ak lòd operasyon chif reyèl yo. Miltipliye pa eskalè a anvan ou fè adisyon ak soustraksyon matris yo.

Dezyèm objektif Leson 4.1 se pou itilize matris nan sitiasyon lavi reyèl, pa egzanp pou mete done sou plan swen medikal nan lòd.

Koulye a eseye, Egzèsis 1 a 10. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 199 a 202 yo.

Leson 4.2 Kouman pou Fè Miltiplikasyon Matris

Premye objektif Leson 4.2 se pou miltipliye de (2) matris. Pou jwenn antre -36 nan premye ranje ak premye kolòn pwodwi a, miltipliye $(-6)(6)$ epi ajoute $(-1)(0)$. Itilize yon pwosede sanblab pou jwenn lòt antre pwodwi a.

Sonje byen pou miltipliye de (2) matris, kantite kolòn ki nan premye matris la fèt pou egal ak kantite ranje ki nan dezyèm matris.

Koulye a eseye, Egzèsis 11 a 13. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 208 a 210 yo.

Chapter Audio Summary for McDougal Littell *Algebra 2*

Leson 4.3 Detèminan ak Prensip Cramer

Mo ki enpòtan pou konnen yo se: *detèminan, prensip Cramer, ak koyefisyan matris.*

Premye objektif Leson 4.3 se pou evalye detèminan matris 2×2 ak 3×3 . Gen yon chif reyèl yo rele detèminan ki asosye ak chak matris kare. Pou jwenn detèminan an, jwenn pwodwi antre ki sou dyagonal yo epi fè soustraksyon. Nan matris 2×2 , pwodwi antre ki sou dyagonal yo se $-2(4)$, e -8 , ak $1(-6)$, oswa -6 . Diferans lan se $-8 - (-6)$, oswa -2 .

Dezyèm objektif Leson 4.3 se pou itilize prensip Cramer a pou fè solisyon ekwasyon sistèm lineyè. Pou itilize prensip Cramer a pou fè solisyon ekwasyon sistèm lineyè, toudabò jwenn detèminan koyefisyan matris la epi itilize Prensip Cramer a pou fè solisyon an pou x ak y . Yo dekri Prensip Cramer a nan paj 216 ak 217.

Koulye a eseye, Egzèsis 14 a 21. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 214 a 217 yo.

Leson 4.4 Idantite ak Envès Matris

Mo ki enpòtan pou konnen yo se: *matris idantite ak matris envès.*

Premye objektif Leson 4.4 se pou jwenn ak itilize matris envès. De (2) matris $n \times n$ youn se envès lòt si pwodwi yo (nan *toude* lòd yo) se matris idantite $n \times n$ nan. Premye pati egzanj lan bay ekwasyon pou jwenn envès nan ka jeneral. Matris A gen antre 7, 3, 5, ak 2. Pou jwen envès li, ranplase antre yo nan ekwasyon an swivan ka jeneral la.

Dezyèm objektif Leson 4.4 se pou itilize matris envès nan sitiasyon lavi reyèl. Yon fòm kòmen pou yon matris lavi reyèl se yon kriptogram. Ki vle di yon mesaj ki ekri dapre yon kòd sekre.

Koulye a eseye, Egzèsis 22 a 27. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 223 a 226 yo.

Leson 4.5 Kouman pou Itilize Matris Envès pou Fè Solisyon Sistèm

Mo ki enpòtan pou konnen yo se: *matris varyab yo, ak matris konstan yo.*

Premye objektif Leson 4.5 se pou itilize matris envès pou fè solisyon ekwasyon lineyè. Egzanp lan montre kouman pou itilize matris envès pou fè solisyon sistèm ekwasyon lineyè. Premyèman, ekri sistèm nan sou fòm matris ($AX=B$). Answit jwenn envès matris A . Lèfini, multipliyè matris konstan yo pa envès matris A .

Chapter Audio Summary for McDougal Littell *Algebra 2*

Sonje byen si matris A pa gen yon envès, lè sa a sistèm nan swa pa gen solisyon oswa li gen anpil solisyon alenfini.

Koulye a eseye, Egzèsis 28 a 33. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 230 a 232 yo.